



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE NOUYÒKÈ YO POU RALANTI NAN ZÒN TRAVAY YO PANDAN KE NEW YORK AP KONTINYE RE-OUVRI

Kòm sikilasyon an ogmante, yo egzòte Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon pandan ekipman konstriksyon yo ak fòs delòd yo ap travay pou kenbe otowout yo an sekirite

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, an patenarya avèk Depatman Transpò (Department of Transportation), Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV), Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), Lapolis Eta a ak Otorite Thruway (Thruway Authority) nan Eta New York te raple chofè yo sou enpòtans pou raze akote pou travayè otowout yo, premye sekouris yo ak lòt moun ki ede ak aksidan otomobil ak ensidan bò wout yo. Kòm rejyon yo toupatou nan eta ap kontinye re-ouvri, li pral lakoz plis sikilasyon ak yon pi gwo bezwen pou chofè yo rete okouran epi respekte moun ki ap travay pou kenbe nou san danje pandan n'ap vwayaje sou wout ak sou pon New York yo.

"Pandan ke Nouyòkè yo rete vijilan pou sispann pwopagasyon COVID-19 la, nou dwe sonje tou sekouris ijans yo, travayè otowout yo, chofè kamyon remòkaj yo, ofisyè polis yo ak lòt moun ki ap travay pou kenbe nou an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Kòm zòn yo nan eta ap kontinye re-ouvri epi gen plis otomobilis ki pran wout la, mwen ankouraje tout chofè yo pou swiv lalwa, sèvi ak bon sans epi ak konsiderasyon pou gason ak fanm brav nou yo ka travay san danje."

Rekonèt ak konprann pano ki mennen nan zòn oswa anndan yon zòn travay vrèman enpòtan pou sekirite tout chofè ak travayè ki bò wout yo. N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double pou vitès nan yon zòn travay epi selon Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakoz yo pran lisans yon moun. Plis konsèy sou sekirite zòn travay la disponib sou thruway.ny.gov.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare "New York ap vanse pou pi devan epi sezon konstriksyon an ap vanse tou, sa vle di gen plis ekip antretyen ak ekip travay ki sou wout la, k'ap travay ansanm pou sikilasyon an bouje vit chak jou epi konte sou chofè yo pou yo rete vijilan, pasyan ak

pridan. Li vrèman enpòtan pou otomobilis yo elimine distraksyon, pote atansyon pandan y'ap kondui, ralanti epi raze akote pou travayè yo. Lavi yo depann de li".

Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare, "Kòm sikilasyon an ap ogmante toupatou nan New York, nou egzòte chofè yo pou ralanti epi fè atansyon lè y'ap vwayaje nan zòn travay yo. Travayè antretyen yo ak sekouris yo mete lavi yo an danje lè yo ap travay nan yon zòn konstriksyon oswa reponn a yon ensidan ki sou bò wout la. Li enperatif pou otomobilis yo fè sekirite travayè sa yo, ansanm ak pwòp sekirite yo tou, yon priyorite. Tankou tout moun, yo vle rive lakay yo an sekirite pou al jwenn fanmi yo nan fen jounen an".

Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Pandemi COVID-19 fè nou sonje wòl enpòtan travayè esansyèl nou yo ranpli, ki gen ladan gason ak fanm ki kenbe ak amelyore wout nou yo. Tanpri, ba yo espas ke yo bezwen pou fè travay yo san danje pou yo ka rive al jwenn fanmi yo lakay yo".

Sipèentandan Lapolis Eta a, Keith M. Corlett, te deklare, "Limit vitès redwi nan zòn travay yo la pou yon rezon ki enpòtan anpil - pou asire sekirite travayè yo ak tout moun k'ap vwayaje sou otowout la. Nou egzòte otomobilis yo chwazi sekirite kòm pi gwo priyorite yo lè yo swiv limit vitès ki afiche yo, kondwi ak anpil pridanans nan zòn travay yo, epi raze akote pou premye sekouris yo ak travayè yo sou otowout yo. Patwouy Eta yo pral trè vizib nan ak ozalantou zòn travay yo epi yo pa pral gen okenn tolerans pou moun k'ap bay anpil gaz oswa ki kondwi ak enpridanans".

Ane pase, Depatman Transpò Eta New York te anrejistre yon total 521 aksidan nan zòn konstriksyon wout yo ak 67 entwizyon nan zòn antretyen yo, sa ki lakòz 50 moun blese ak de moun mouri.

Lwa Move Over a te adopte an 2011 pou pwoteje Nouyokè k ap travay sou wout la epi yo te elaji lè sa pou mete plis kalite veyikil ijans ak risk yo. Lwa egzije chofè yo pou yo itilize pridanans, ralanti, epi mete yo sou akote san danje lè y'ap pwoche veyikil otorite lalwa yo, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstriksyon oswa mentnans ki kanpe sou bò wout yo nan tout eta a. Lwa Move Over a aplike pou toulede bò wout la, pa sèlman nan bò dwat la, e chofè yo jwenn ki pa respekte lè yo ka fè fas ak de pwen nan lisans yo ak yon amand 150 dola minimòm pou premye deli a.

Lwa a te agrandi an jiyè 2016, pou enkli travayè ponpye ak travayè anbilans volontè yo, ki te deja aplike sèlman pou fòs delòd yo, veyikil ijans oswa veyikil ak risk yo; e kounye a, li aplike pou machin ki gen limyè kap flache ble, vèt, wouj, blan oswa jòn abriko. Lwa elaji a bay ajan fòs lòd yo plis otorite pou penalize vyolatè ki mete sekirite sila k ap travay sou otowout yo an danje. Chofè yo dwe egzèsè pridanans sou tout wout atravè Eta New York yo e si li san danje pou fè sa, deplase sou yon sèl liy pou bay espas ki sifizan pou veyikil ak pèsònèl k ap travay sou kote wout la. An novanm 2016, lwa Move Over a te elaji plis pou antre veyikil sanitasyon tankou kamyon fatra ak kamyon resiklaj yo.

Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT) la resaman te devwale yon [anons sèvis piblik](#) pou medya sosyal ki konsantre sou enpòtans pou kondi yon fason responsab nan zòn travay yo pliske eta ap kontinye re-ouvri. Videyo a mete aksan sou enpòtans pou sonje limit vitès la, elimine distraksyon ak fè atansyon nan zòn travay yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)